ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№71 (24.353) ● 2022 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




ПУТИН Владимир:

## Ди куэдщ зыужьыныгъэм дыхуэзышэну IэмалыщIэхэр

**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 17-м, къыщыпсэлъащ Санкт-Петербург къалэм щекIуэкI Дунейпсо экономикэ зэхуэсым (ПМЭФ) и пленарнэ сессием. Мэкъуагъуэм и 15 лъандэрэ лажьэ форумым и утыку кърахьащ дунейпсо экономикэ щытыкIэм, абы и лъэныкъуэкIэ къэралхэм ягъуэт зыужьыныгъэмрэ ахэр зрихьэлIэ лъэпощхьэпохэмрэ ятеухуа псалъэмакъ щхьэпэхэр, Iуэху еплъыкIэхэр. Зэхуэсыр иригъэкIуэкIащ журналист цIэрыIуэ Симонян Маргаритэ. Къэралым и Iэтащхьэм и къэпсэлъыныгъэр онлайн щытыкIэм иту къагъэлъэгъуащ ПМЭФ-м Интернетым щиIэ сайтымкIэ, УФ-м и «Япэ», «Россия 1», «НТВ», «Мир» канал нэхъыщхьэхэмкIэ.**

МЫ гъэм 25-нэу зэхашэ зэхуэсым, 2005 лъандэрэ хабзэу игъэувауэ, жыджэру хэтщ ди къэралым и Iэтащхьэ Путин Владимир. Нобэрей и къэпсэлъэныгъэми Президентым къыщигъэнэIуащ дунейм щекIуэкI политикэмрэ абы щыщыIэ экономикэ щытыкIэмкIэ иIэ Iуэху еплъыкIэхэр. Апхуэдэу игъэбелджылащ ди иджырей Урысей Федерацэм къыпэщылъ къалэнхэр.

Къызэхуэсахэм сэлам гуапэ яриха нэужь, Путиныр шэщIауэ тепсэлъыхьащ дунейпсо хозяйствэм щызэтраублауэ щыта зэдэлэжьэныгъэм и лъабжьэр мы зэманым къызэрагъэтIэсхъам, къэрал зэхуаку зэпэщIэтыныгъэхэм ящыщ куэдым захуагъэ зэрыхэмылъыжым, сату, финанс IэнатIэхэм зэпэщIэувэныгъэ ткIийхэр зэрыщекIуэкIым, экономикэ, политикэ санкцэхэмрэ дэкъузэныгъэхэмрэ дитми, ди къэралыр зыужьынгъэм и гъуэгум къызэрытемыкIым, къухьэпIэмкIэ къикI экономикэ къыпэубыдыныгъэхэр мымащIэми.

- Дунейм къэралу тет псори я хуитыныгъэрэ яхь жэуапкIэ зэхуэдэщ, апхуэдэщ абыхэм щыпсэу цIыхухэри, - къыхигъэщащ Путиным. - АтIэми, къухьэпIэ къэрал куэдым къалъытэ езыхэм яIэ хуитыныгъэхэр нэхъыбэу, я Iуэху еплъыкIэри нэхъыщхьэ дыдэу. А Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ гупсысэкIэмрэ зэпэщIэувэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ухуашэ, политикэкIи экономикэкIи. Апхуэдэ щытыкIэ гугъум драгъэуващ мы зэманым къэралыр. Куэдым хъуэпсапIэу яIащ а дэкъузэныгъэхэмрэ къыпэубыдыныгъэмрэ дыкъимыкIыфу ди пIэм дижыхьыныр. Хьэуэ. Апхуэдэу къэхъуакъым. Дэ долъыхъуэ икIи къыдогъуэт IэмалыфIхэр, хэкIыпIэщIэхэр. Ахэр хъунущ къэкIуэнум шынагъуэншэу дыхуэзышэну лъэмыж быдэ.

Къэралым и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ экономикэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм. Абы жиIащ псэупIэ унэхэр къэщэхуным хуэгъэпса кредитхэр зэрат процент бжыгъэр дяпэкIи зэрагъэмэщIэнур. КъинэмыщIауэ, цIыхухэм я псэукIэр нэхъыкIэ мыхъуным хуэунэтIауэ хагъэхъуащ улахуэ нэхъ мащIэ дыдэм и инагъым, унагъуэ хуэмыщIахэм дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. Апхуэдэ IуэхуфIхэм дяпэкIи пащэнущ. Путиным зэрыжиIамкIэ, къыпэубыдыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыдэзыщIылIа къэралхэм езыхэми экономикэ хэщIыныгъэхэр ягъуэт. А псоми къарикIуа бэлыхьхэр псом япэ зытехуэр абыхэм щыпсэухэращ.

- Апхуэдэ щыщIэныгъэхэм, ахъшэр пудыщэ зэрыхъуам, гъэсыныпхъэм и уасэм зэрыхэхъуам, нэгъуэщIхэми я лъабжьэр нэхъапэIуэкIэ гъэтIылъа щыхъуащ а къэралхэм, абыхэм щрагъэкIуэкIа экономикэ политикэ мыхъумыщIэм и зэранщ ар, - жиIащ Президентым. - Ахъшэр къапщтэмэ, блэкIа илъэситI-щым уеплъмэ, ар гъэ къэс процентим 8-м нэскIэ нэхъ пуд щыхъуащ хамэ къэралхэм. А щыщIэныгъэ псори зытралъхьэну къагъуэтар иужьрейуэ дунейм къыщыхъуа Iуэхугъуэращ. Къыхызогъэщри, апхуэдэ экономикэ зэрыхьзэрийм ди зэран хэлъкъым. Дэ дызыхущIэкъур зыщ: къэралхэр дызэдэпыкъужу, хуэныкъуэм ди сэбэп едгъэкIыу дуней псор дызэдэпсэунырщ. Урысей Федерацэм, япэми хуэдэу, гулъытэншэ ищIынукъым Африкэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыIэ зызыужь къэралхэр. Абыхэм яхуедгъэшэнущ ерыскъыпхъэхэр, хущхъуэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэри.

Къэралым и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм щрагъэкIуэкI дзэ операцэ хэхам. Абы и лъэныкъуэкIэ УФ-м зыхуигъэувыжа къалэнхэр къанэ щымыIэу зэрызэфIихынури къыхигъэщащ.

- Дызэрагъэува щытыкIэ ткIийхэм IэмалыщIэхэр къыдигъэлъыхъуэн, лъэпкъ экономикэм адэкIи зэрызиужьын хэкIыпIэфI куэд наIуэ къыдигъэщIащ. Дэ дяпэкIи дадэлэжьэнущ зи гупэр къытхуэзыгъэза дэтхэнэ къэралми, апхуэдэхэр нэхъ мащIэ хъуным зыгуэрхэр ерыщу хущIэкъуми, - къыхигъэщащ Путиным. - Хуабжьу долIалIэ, дяпэкIи зедгъэужьынущ зэдэлэжьэныгъэм и унэтIыныгъэ псоми. Апхуэдэу дэтIыгъынущ ди къэралым и ехъулIэныгъэм хуэгъэпса сыт хуэдэ жэрдэмыщIэри гупсысэщIэри.

Дунейм игъуэта щытыкIэщIэм ди къэралыр зэрыхэпсэукIыфынум, абы адэкIи зэрызиужьыфынум хуэщIа IэмалыщIэхэр убзыхуным теухуауэ щытащ Президентым и къэпсэлъэныгъэр.

Форумым ипэ къихуэу, Путин Владимир лэжьыгъэ IуэхукIэ яхуэзащ ПМЭФ-м хэт къэралхэм я пашэхэм, правительствэхэм я унафэщIхэм ящыщхэм. Къапщтэмэ, УФ-м и Президентыр IукIащ икIи псалъэмакъ щхьэпэ дригъэкIуэкIащ Къэзахъстан Республикэм и Iэтащхьэ Токаев Къасым-Жомарт. ЛIыщхьэхэр тепсэлъыхьащ зи пашэ къэралхэм яку дэлъ политикэ зэпыщIэныгъэхэм, экономикэ зэдэлэжьэныгъэхэм. Апхуэдэу, ПМЭФ-м къриубыдэу, Путин Владимир яхуэзащ ди къэралым щылажьэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэ журналистхэм, абыхэм я упщIэ зэмылIэужьыгъуэхэм жэуап пыухыкIахэр зэпкърыхауэ яритащ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

## Медицинэм и лэжьакIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэрехъуэхъур

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэмкIэ си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу!

Медицинэ лэжьакIуэм и IэщIагъэм укъыхуигъэщIауэ щытын хуейщ. Фэ фи гъащIэр хуэвгъэпсащ мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи щхьэпагъышхуэ зыпылъ Iуэхугъуэм - цIыхухэм еIэзэным, нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэр - цIыхум и гъащIэмрэ узыншагъэмрэ - хъумэным. Фи лэжьыгъэм къалэн къыфщещI жэуаплыныгъэшхуэ, гущIэгъу, гулъытэ фхэлъыну, псэемыблэжу фыщытыну, фызыпэрыт IэнатIэм къаруушхуэ ефхьэлIэну. Дэнэ фыщылажьэми - поликлиникэми, сымаджэщми, фельдшер-акушер пунктми - фэ куэдкIэ фэлъытащ цIыхухэм, абыхэм я унагъуэхэм я гъащIэр, ди лъэпкъым и къэкIуэнур. ФIыщIэ фхузощI фыкъэмылэнджэжу фи IэнатIэм фызэрыпэрытым, фи лэжьыгъэ мытыншым фи гур зэретам, фи IэщIагъэм къалэн къыфщищIхэм фазэрыхуэпэжым папщIэ.

КъэкIуэну илъэсхэм дэ къыпытщэнущ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным. Дэ ди къалэнщ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр унэтIыныгъэ псомкIи зэхуэдэу дэтхэнэми едгъэгъуэтыныр, медицинэм и лэжьакIуэхэм я IэнатIэр нэхъ тынш къащызыщIын иджырей щытыкIэхэр къахузэгъэпэщыныр.

Шэч къытесхьэркъым, дызэкъуэтмэ, узыншагъэр хъумэнымкэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къэув къалэнхэр дгъэзэщIэныр зэрытхутхузэфIэкIынум.

Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, зэIузэпэщыныгъэ фиIэну, фи Iуэхухэр сыткIи ефIэкIуэну сынывохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зегъэужьыным зэфIэкIышхуэ зэрырахьэлIам, я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын**

**Шамилинэ Наталье Альберт и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и план-экономикэ къудамэм и унафэщIым;

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ лъапIэр яфIэщын**

**Бэдракъ Иринэ СэфрэIил и пхъум** - Шэрэдж муниципальнэ районым и «Район сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм Аушыджэр къуажэм дэт и участкэ дохутыр амбулаторэм и дохутыр-терапевтым

**Геккиевэ Жанет Сэпар и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и анестезиолого-реанимацэ къудамэм и анестезиолог-реаниматолог дохутырым

**КIэбышэ Валерэ Мусэ и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Жьэн узым щеIэзэ диспансер» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м*
*№57-УГ*

## «Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ!

**2022 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз лъэхъэнэр еух.**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**
**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 724-рэ кIэпIейкIэ 80-рэ;**
**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 660-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**

ЗэIущIэхэр • КъБР-м и Правительствэм

# Улахуэм хагъэхъуэнущ шыщхьэуIум и 1-м щыщIэдзауэ

**Правительствэм и лэжьакIуэхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ хэту мэкъуауэгъуэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщигъэуващ бюджет IэнатIэм пэрытхэм я улахуэр къэIэтыным хуэунэтIауэ нэгъабэ ирагъэжьа лэжьыгъэхэм пащэну. Республикэм и унафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ цIыхухэм я хэхъуэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ щIыным теухуауэ УФ-м и Президент Путин Владимир къигъэува къалэныр псоми япэ игъэщын зэрыхуейр, абы и лъэныкъуэкIэ республикэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм къакIэрыху зэрымыхъунур**.

КIУЭКIУЭ Казбек Правительствэм пщэрылъ щищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр республикэ бюджетым и хьэкъкIэ шыщхьэуIум (августым) и 1-м щегъэжьауэ аргуэру процента 10-кIэ нэхъыбэ ищIыну. ЗэрытщIэжщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьапщIэм апхуэдиз дыдэкIэ щыхагъэхъуауэ щытащ нэгъабэ и гъэмахуэм.

Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ лэжьапщIэм теухуа бжыгъэхэр хэIущIыIу щащIкIэ щIыналъэм къыбгъэдэкIыу абы щIагъу языныкъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр къызэрамыгъэлъагъуэр. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ нэгъабэ улахуэхэр процента 10-кIэ къызэраIэтар, уз зэрыцIалэ шынагъуэхэм щеIэзэ госпиталхэм я лэжьакIуэхэм, классхэм я унафэщI егъэджакIуэхэм щIыналъэм и хьэкъкIэ хущIагъу ахъшэр. ЖыIэн хуейщ апхуэдэу цIыху гуп хэхахэм къэралым и щIыналъэхэм ящыщу ядэIэпыкъуфхэр куэд зэрымыхъур.

Зэрыщыту къапщтэмэ, ику иту республикэм мазэ къэс къыщалэжь ахъшэм хохъуэ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий** зэрыжиIамкIэ, дызэрыт илъэсым и япэ кварталым кърикIуахэм япкъ иткIэ ар сом 31795-рэ мэхъу икIи а бжыгъэр нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ процента 8,8-кIэ нэхъыбэщ. Экономикэм и IэнатIэ щхьэхуэхэм, псалъэм папщIэ, мэкъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэм лэжьапщIэр нэхъыбэ щыхъуащ. ИкIи абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лэжьапщIэр тэмэму зэратым кIэлъыплъын папщIэ Правительствэм и комиссэ къызэрызэрагъэпэщар.

Бюджет IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** сымэ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ТIымыжь Хъусен** зэрыжиIамкIэ, республикэм исхэм къаIэрыхьэ хэхъуэр гъатхэпэ мазэ лъандэрэ нэхъыбэ хъу зэпытщ икIи ар дэIэпыкъуэгъу мэхъу экономикэм и гугъуехьхэм къыхэкIынымкIэ. «Сатум, жылагъуэ шхапIэхэм, хьэщIэщхэм я IэнатIэхэми хуэдэу, экономикэм мылъку къэзылэжь и адрей щIыпIэхэми мы Iуэхур хъарзынэу щызэтеуващ. Дэ иджыпсту ди къалэныр апхуэдэ лэжьэкIэр къызэтедмыгъэувыIэнырщ». Ди щIыналъэм исхэм къаIэрыхьэ хэхъуэр зэпымыууэ нэхъыбэ щIэхъум и хэкIыпIэу министрым и къуэдзэм къилъытащ сабий куэд зиIэ унагъуэхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэшхуэ ирату зэрыщIадзар. ЦIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэр къызэраIэтам къыхэкIкIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэри хэхъуащ. Апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и адрей щIыналъэхэм елъытауэ ди деж щынэхъыбэщ нэхъ мащIэ дыдэу ят пенсэри.

Мусуков Алий зэIущIэм хэтхэр щыгъуазэ ищIащ ди республикэм федеральнэ программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмрэ зэрыщагъэзащIэм. 2022 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIыналъэ проекту 45-м йолэжь. Республикэм щагъэзащIэ лъэпкъ проект псоми я уасэр сом мелард 11,6-рэ мэхъу. Нобэм ирихьэлIэу а ахъшэм и процент 41-м щIигъур къагъэсэбэпащ. Ар нэрылъагъуу нэхъыбэщ ику иту Урысейм (процент 28,2-рэ), Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым (процент 28-рэ) елъытауэ. Нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ ягъэзащIэ проектхэм ящыщщ «Демографие», «Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ», «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектхэр.

КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэхэм я екIуэкIыкIэр тэмэму къилъытащ, ауэ Iуэхухэр къагъэтIасхъэ зэрымыхъунур къыхигъэщхьэхукIащ. «Лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ дэ узыншагъэр хъумэнымкIэ пэублэ IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжыным, школхэр зэгъэпэщыжыным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэ зэфIыдогъэкI, гъуэгухэр, нэхъ зэхуэсыпIэу щыт щIыналъэхэр зэIузэпэщ дощI. Иджыпсту ди нэгу щIокI экономикэм щIэгъэхуэбжьауэ зегъэужьынымкIэ лъэпкъ проектхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Ди щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм къахохъуэ, мэкъумэш IэнатIэм зеужь. Абыхэм я фIыгъэкIэ ди хэхъуэхэри мэбагъуэ икIи а ахъшэр дэ тэмэму тедгуэшэн хуейщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ зи чэзу адрей Iуэхухэр дэгъэкIынымрэ»,- жиIащ республикэм и Iэтащхьэм зэIущIэр щызэхуищIыжым. ЕкIуэкIа псалъэмакъым ипкъ иткIэ муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и унафэщIхэмрэ пщэрылъ пыухыкIахэр хуагъэуващ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



# Ягъэзэжыфынущ зыщыщ къуажэхэм

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 14-м щыхэплъащ**.

РЕСПУБЛИКЭ унафэщIхэр арэзы техъуащ «КъБР-м и къэрал мылъкур зэрызэкIэлъагъакIуэр» къэрал программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. КъБР-м щIымрэ мылъку IуэхухэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн** зэрыжиIамкIэ, къагъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр зытеухуар 2022 гъэм республикэм щрагъэкIуэкIыну кадастр лэжьыгъэхэм ехьэлIауэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ субсидие зэрыхухах щIыкIэр зэрагъэбелджылырщ.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Экономикэ зыужьыныгъэмрэ экономикэщIэмрэ» КъБР-м и къэрал программэм и еплIанэ гуэдзэным зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. Дэфтэрым къыщыхьащ «Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ защIэгъэкъуэным теухуауэ» гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр зэрагъэзэщIэну щIыкIэр. Ахэр къызэрагъэпэщынущ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Урысейм и щIыналъэхэм субсидие зэрыхухах зэгурыIуэныгъэм тету.

Республикэ унафэщIхэр арэзы техъуащ дунейм и щIыIагъ-хуабагъым зэрызихъуэжым Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэр зэрыхуагъэхьэзыр Iуэхухэр гъэбелджылыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра унафэм. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ ТIымыжь Хъусен къызэрыхигъэщамкIэ, законопроектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхухэр 2030 гъэ пщIондэ тещIыхьащ икIи экологием, экономикэм пыщIа къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIаубыдэ.

КъыкIэлъыкIуэу къащтащ «КъБР-м и цIыхухэмрэ щIыпIэхэмрэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэм ящыхъумэным, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» КъБР-м и къэрал программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. Ар зытеухуар Новэ-Хьэмидей къуажэм мафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэхэр, техникэхэр щагъэув ухуэныгъэр (депо) яухуэну хуит зэращIым, Зеикъуэ къуажэм дэт мафIэсгъэункIыфI частыр зэгъэпэщыжыным трагъэкIуэдэну республикэ бюджетым щыщу 2021 гъэм къамыгъэсэбэпа ахъшэр (сом зы мелуанрэ мин 82-рэ хъур) яхухэхынырщ.

Коммунальнэ унэхэм щыпсэухэр фэтэр зэIузэпэщхэм гъэIэпхъуэным теухуауэ (фэтэр куэду зэхэт унэхэр яхуэухуэн е зыщIэсхэр яхузэгъэпэщыжын, пэш къахуэщэхун) щыIэ муниципальнэ программэхэр ягъэзэщIэн папщIэ, республикэ бюджетым къыхэкIыу субсидиер зэрытрагуашэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым щытепсэлъыхьым, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** жиIащ ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм кърикIуамкIэ, Налшык къалэ округыр къызэрыхахар. Абы ипкъ иткIэ коммунальнэ унэ зэтетищым щIэс унагъуэ 53-р (цIыхуи 174-рэ мэхъу) пэш зэIузэпэщхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. А Iуэхум текIуэдэнущ сом мелуан 52-рэ мин 796-рэ.

ЗэIущIэм къыщащтащ «КъБР-м узыншагъэр хъумэным зыщегъэужьыным и IуэхукIэ» КъБР-м и къэрал программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** зэрыжиIамкIэ, зэхъуэкIыныгъэр зэпхар республикэ бюджетым къыхахыу бгъэIэпхъуэ хъу медицинэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэращэхуну сом мелуан 36-рэ зэрыщIагъужырщ. А Iуэхур зыхуэгъэзар цIыху 200 зыдэс жылэхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэтынырщ.

Республикэ унафэщIхэр арэзы техъуащ «Къуажэ щIыпIэхэм е цIыху мин 50-м нэс зыдэс къалэ цIыкIухэм щылэжьэну 2022 гъэм кIуэ медицинэ лэжьакIуэхэр зэрагъэгушхуэ ахъшэр зэрырат щIыкIэм и Iыхьэ ещанэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. Дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ медицинэ лэжьакIуэр, езыр хуеймэ, зыщыщ къуажэм щылэжьэну кIуэну хуит зэращIыр (нэхъ ипэкIэ апхуэдэ хуитыныгъэ яIакъым), апхуэдэуи еджапIэ къэзыуххэми иджы «къуажэ дохутыр» программэр къагъэсэбэп зэрыхъунур. Мы гъэм «къуажэ дохутыр» программэр ягъэзэщIэным сом мелуан 29-рэ хухахащ.

Республикэ унафэщIхэм къащтащ КъБР-м и Правительствэмрэ Урысей щIэныгъэ фондымрэ зэрызэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** жиIащ дэфтэрым къызэрыщагъэлъэгъуар 2023 гъэм зыхуеину сом мелуани 3-р. Ахъшэр трагъэкIуэдэнущ щIэныгъэ-техникэ программэхэр гъэзэщIэным, къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм.

ЗэIущIэм арэзы щытехъуащ КъБР-м и къару зэщIэузэда IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу Донбассым щекIуэкI Iуэхухэм я къалэн щагъэзащIэу фэбжь зыгъуэтахэм, гугъуехь хэхуахэм ахъшэкIэ защIэгъэкъуэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 18,**
***щэбэт***

✦**1956 гъэм Налшык музыкэ училищэ къыщызэIуахащ**.

✦**1940 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец **Индрис Залымхъан**.

✦**1956 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Ало Владимир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 19,**
***тхьэмахуэ***

✦**УФ-м щагъэлъапIэ Медицинэ лэжьакIуэм и махуэр**

✦**1951 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, РАЕН-мрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Соблыр Андемыркъан**.

✦**1960 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **БищIо Iэсият**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 20,**
***блыщхьэ***

✦**Зи псэупIэр IэмалыншагъэкIэ зыхъуэжын хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ**

✦**Зоопаркхэм щаIыгъ пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

✦**1957 гъэм** Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залышхуэм къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэр.

✦**1920 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Кхъуэхъу Цуцэ**.

✦**1938 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Кхъуэтепыхьэ Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Узыщыдыхьэшх къыпщодыхьэшхыж.**

# ГъащIэ узыншэм и хъумакIуэхэр

**СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1980 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м унафэ къищтауэ щытащ Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэ ягъэувыну. Абы щегъэжьауэ, илъэс 40-м щIигъуащи, мэкъуауэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэр цIыхухэм я узыншагъэр, гъащIэр хъумэнымкIэ IэнатIэм пэрытхэм я махуэщхуэщ.**

ДЭТХЭНЭ зы IэщIагъэми гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, ауэ ар медицинэм епхамэ, абы пылъ жэуаплыныгъэр куэдкIэ нэхъ иншщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а унэтIыныгъэм и лэжьакIуэхэм цIыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр - и узыншагъэр, и гъащIэр - дзыхь хуащI. Абы къыхэкIыу я Iэзагъэм, щIэныгъэм хагъахъуэ зэпыту екIуэкIын хуейщ, медицинэм щIэуэ къыхыхьэ псори я лэжьыгъэм нэсу къыщагъэсэбэпыфын хуэдэу.

Дэтхэнэ зы унэтIыныгъэми хуэдэу, медицинэми зэхъуэкIыныгъэхэр къыхыхьащ, зэпымыууэ зызыхъуэж зэманым къыздихьащ узыр псынщIэу, щыуагъэншэу къэхутэнымкIэ сэбэпышхуэ хъу IэмэпсымэщIэ куэд. Апхуэдэу щытми, сымаджэм и дежкIэ нэхъыщхьэр дохутырым и гу щабагъырщ, псэ къабзагъырщ, и гущIэгъурщ, и зэхэщIыкIырщ, и псалъэ гуапэхэрщ. Мис ахэр псори зэуIуу хэлъын хуейщ медицинэм и лэжьакIуэ нэсым. Ди гуапэ зэрыхъущи, республикэм и мащIэкъым зыпэрыт IэнатIэм зэфIэкI лъагэхэр щызиIэ, цIыхухэм зи цIэр фIыкIэ ираIуэ дохутырхэр. Апхуэдэуи ди щIыналъэм щыщ дохутыр куэд щытхъурэ фIыщIэрэ яIэу щолажьэ Урысейм и хэгъэгухэм я мызакъуэу, хамэ къэралхэми.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр иджы къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм ящыщщ. Ди республикэр къэтщтэнщи, иужьрей илъэсхэм абы зэхъуэкIыныгъэфIыхэр къыщыхъуащ: медицинэ IуэхущIапIэщIэхэр яухуащ, куэдым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, ахэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынми гулъытэ хэха хуащI.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм, дауи, къегъэлъагъуэ цIыхухэм узыншагъэ быдэ яIэу псэуным хуэунэтIа лэжьыгъэ купщIафIэ егъэкIуэкIыныр къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм зэращыщыр. ИпэжыпIэкIэ дохутыр IэщIагъэр къыхэзыхахэм къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ, жыпIэнурамэ, абыхэм я дежщ жылагъуэ узыншэм и лъабжьэр къыщежьэри, ахэращ адэкIи зэрызиужьынури куэдкIэ зэлъытыжар. Абыхэм я псэемыблэж лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ цIыху мин бжыгъэхэр уз шынагъуэм къыIэщIэкIыфащ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу дуней щIэращIэм хэплъэжащ.

Медицинэм и лэжьакIуэ псоми я махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу. ЕхъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ яIэу, фIыщIэмрэ щытхъумрэ щымыщIэу, цIыхухэр къахуарэзыуэ, я лэжьыгъэм и хъер ялъагъу я IэнатIэ мытыншыр ирахьэкIыну ди гуапэщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# НэгъуэщI хъуэпсапIэ иIакъым

**ЦIыхум IэщIагъэ хуэхъунур, и гъащIэр щхьэузыхь зыхуищIыну Iуэхур хэти школым щIэсу, хэти балигъыпIэ иува нэужь къыхехэ. Аргудан щыщ Бро зэщхьэгъусэхэм - Мухьэдинрэ Маритэрэ - япхъу Анжеллэ пасэу, иджыри сабийуэ, хьэкъ щыхъуат и гъащIэ гъуэгур зытриухуэнур. Хъыджэбз цIыкIум нэгъуэщI хъуэпсапIэ иIакъым, дохутыру лажьэ и адэ-анэм я гъуэгум ирикIуэн мыхъумэ. ТIэкIу нэхъ къыдэкIуэтея нэужь, къэзылъхуахэм къыжраIащ а IэщIагъэр зэрыгугъур, абы ирилажьэхэм жэуапышхуэ я пщэ къызэрыдэхуэр, ауэ Анжеллэ апхуэдизкIэ щIэхъуэпсырт дохутыр хъуну, нэгъуэщI гуэрым хуеджэну и гущхьэм къэкIыртэкъым.**

АРГУДАН дэт езанэ курыт школыр дыщэ медалкIэ къэзыуха Бро Анжеллэ и документхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иритащ икIи химиемкIэ ита экзамен закъуэмкIэ «тху» къихьри, медицинэ къудамэм щIэтIысхьащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, Налшык дэт поликлиникэ №7-м жьэжьей узыр зыпкърытхэм еIэзэ дохутыру лэжьэн щыщIидзащ. И Iуэхур хьарзынэу зэтеувауэ екIуэкIыурэ, и щIэныгъэм хигъэхъуэн, медицинэм ехьэлIа нэгъуэщI IэщIагъэхэми хуеджэн хьисэпкIэ, зэрылажьэм хуэдэурэ ординатурэр, иужькIэ аспирантурэр къиухыжащ. Уз зэрыцIалэхэр зэфыкIэхр гъэхъужыным триухуа и кандидат лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ Мэзкуу щыпхигъэкIри, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.



Узыпэрыт Iуэхур унагъуэм, Iыхьлы-Iэулэдым къыщыбдаIыгъым, щIэгъэкъуэн къыщыпхуэхъум деж, дауи, уи таучэлыр нэхъ ин мэхъу, уи лъэри нэхъ щIокI. Ар игъэунэхуащ Анжеллэ:

- Ординатурэм, аспирантурэм сыщыкIуа зэманхэм, абы щыгъуэ Псыгъуэнсу къуажэм дэс БецIыкIухэ я нысэ сыхъуат, фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, быни згъуэтат, зэрэ-тIэурэ къызэпхызгъэIукIат си IэщIагъэкIэ IэнатIэ щызэзгъэгъуэтакIэ, си щхьэри унагъуэри гугъу езмыгъэхьу, хуиту, зыхуей хуэзэу абыхэм я Iуэху дэгъэкIыным зытезухуэмэ, нэхъыфIкъэ, жысIэу. АрщхьэкIэ си щхьэгъусэм идакъым: «ЩебгъэжьакIэ и кIэм нэгъэсыж, ущыгуфIыкIыжынщ, сабийхэм щхьэкIэ уигу умыгъэныкъуэ», - жиIэри. Сыт и лъэныкъуэкIи къыздиIыгъащ си Iуэхур: сызыхуеину тхылъхэр згъэхьэзырынри сабийхэм я къалэнри къысщIигъэпсынщIащ. Иджы сыщогуфIыкIыж абы щыгъуэ еджэныр IэщIыб зэрызмыщIам. «Уэ медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат узэрыхъуар зи фIыщIэр ди малъхъэращ, абы утримыгъэгушхуамэ, упэлъэщыну хъунтэкъым а Iуэхум», - къызжеIэ ди адэм.

IэщIагъэ зыкъом щыIэщ дунеижьыр кIэрэхъуэхункIэ, цIыхур псэухункIэ дыхуеину. Ахэр, дауи, я мыхьэнэкIи зэхуэдэкъым. Ауэ егъэджакIуэмрэ дохутырымрэ япэ ибгъэщ хъун IэщIагъэ щыIэу си фIэщ хъуркъым. ЦIыху сымаджэм и узыр щхьэщызыхы, и нэр зыгъэплъэж, дунейр щIэщыгъуэ щызыщIыж, зи IэнатIэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт дохутырым сыт хуэдэ щытхъури хуэфащэщ. АбыкIэ щапхъэщ Анжеллэ. Мазэм къриубыдэу цIыху 400-м щIигъум я узыншагъэр къэпщытэныр, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтыныр, я узыр ящхьэщыпхыныр Iуэху къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр бэнэщ. Зыбгъэдэт лэжьыгъэмкIэ жэуапышхуэ зэрихьыр, бащэкIэ къыщыгугъыу къыхуэкIуэ дэтхэнэ зыми сэбэп зэрыхуэхъуным, арэзы зэрищIыным хуэщIэкъуу и Iуэхур зэрехьэ БецIыкIум.

ЦIыхум и нэхъыбэр, псом хуэмыдэу адыгэр, дохутырым деж щыкIуэр я узым къыхигъэзыхьу хуежьа нэужьщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр зэрымытэмэмыр Анжеллэ и псалъэхэм хьэкъ пщащI:

- ЦIыхур узым къыхимыгъэзыхьмэ, дохутыр зригъэплъын хуейуэ къилъытэркъым. Ар щыуагъэшхуэщ: зи узыр къамыхута цIыху щыIэщ, ауэ зыгуэр зимылажьэ гъуэтыгъуейщ. Дэтхэнэми и узыншагъэр зыхуэдэр зригъэщIэн хуейщ дохутырым и деж, илъэсым зэ нэхъ мыхъуми, кIуэурэ. Къыхимыгъэзыхьыщэу, ауэ мащIэу цIыхум уз гуэр къеныкъуэкъумэ, абы йосэжри къыфIэIуэхукъым. Абдежым Iэпкълъэпкъым уз гуэр зэрыщыщыIэр зыкъыуигъащIэу арэщи, ар гулъытэншэу къэбгъанэ хъунукъым. Узыншагъэр къригъэпщытэн щIидзэмэ, анализхэр итмэ, УЗИ, ЭКГ хуэдэхэр щIэкIа нэужь, сэтей къохъу абы уз гъэтIылъа гуэрхэр зэриIэр. Ахэр хэтIасэмэ гъэхъужыгъуейщ. Абы къыхэкIыу зэманышхуэ думыгъэкIыурэ уи узыншагъэм кIэлъыбгъэплъыпхъэщ - узыр нэхъ пасэу къэпхутэху нэхъ упольэщ...

БецIыкIу Анжеллэрэ абы и щхьэгъусэ Олегрэ унагъуэ дахэ яIэщ, быниплI зэдапI - Инал, Линэ, Елдар, Алим сымэ. НэхъыжьитIыр анэм и лъагъуэм ирикIуэжащ - ахэр щоджэ Саратов дэт медицинэ институтым, нэхъыщIитIыр школакIуэщ.

ФIыуэ плъагъу IэщIагъэм урилажьэу, сымаджэхэм фIыщIэ къыпхуащIу, узыхэт гупри къыпхуэарэзыуэ, уи унагъуэкIи уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу укъэгъуэгурыкIуэмэ, ар насыпкъэ? А насыпыр иIэщ БецIыкIу Анжеллэ.

**МЫЗ Ахьмэд.**

# ЛъагапIэщIэхэр зи плъапIэ

**«Си сабиигъуэм щыщ зы теплъэгъуэ гуимыхуж сщыхъуащ икIи абы и ныбжь тридзауэ къызолъытэ адэкIэ си гъащIэ гъуэгуанэр зэрызубзыхуам. Класс нэхъыжьхэм сыщеджэрт а зэманым. Школым сыщыIэу, зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэхэм ирихьэлIэу, сыджалэри си Iэпхъуамбэр зэрыпкIащ. Абы щыгъуэщ япэу узыр егъэлеяуэ щызыхэсщIар (мэдыхьэшх). Сыти сщIэну сыхьэзырт, ар згъэуиндэрэщхъуэн щхьэкIэ.**

СИ адэ-анэм сашащ зэрыпкIа купщэ зэрытыпIэр и пIэм изыгъэувэжыфу къуажэм дэс «Iэзэм» и деж. Зэуэ гум хыхьэу къыхэзузыкIри, къэхъуар сфIэтелъыджэу, Iэпхъуамбэм и купщхьэхэр зэрыпкIэжащ, сыкъэзыгъэдзыха узри сщхьэщыкIащ. Абдежым си нэгу щIэкIащ узыр пщхьэщызыхыфын, абы и лъэныкъуэкIэ гугъуехьхэр къыпщызыгъэпсынщIэфын цIыхухэр зэрыщыIэр. Ар сфIэгъэщIэгъуэнащ икIи мурад быдэ зыхуэсщIыжащ абыхэм ящыщ зы сыхъуну. Абы щхьэкIэ щIэныгъэ тэмэм зэбгъэгъуэтын, адэкIэ лэжьыгъэ и пIалъи фIыуэ зыхэбгъэгъуэзэн хуейт. Къыхэсха IэщIагъэм хуэIэзэ сыхъуныр, си зэфIэкIым хэзгъэхъуэныр сытым щыгъуи си къалэн нэхъыщхьэу къокIуэкI», - жеIэ Республикэ клиникэ сымаджэщым травматологиемрэ ортопедиемкIэ и къудамэм и травматолог-ортопед Безрокъуэ Лиуан.

И мурадыр зригъэхъулIащ Лиуан, ехъулIэныгъэхэр иIэу ар яхэтщ цIыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр хъумэнымкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зи пщэ къыдэхуэ медицинэ лэжьакIуэхэм. Къэпщытэныгъэхэм наIуэ къызэращIымкIи, республикэм и дохутыр нэхъыфIхэм ящыщу къагъэлъагъуэ. Шэч хэмылъу, зыпэрыт Iуэхум щиIэ зэфIэкI лъагэхэр щIалэм къыхуэзыхьар емызэшу и щIэныгъэм зэрыхигъахъуэрщ, унэтIыныгъэм щIэуэ къыхыхьэ псоми щIэмычэу зэрызыщигъэгъуазэрщ.

Лэскэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм щыщ щIалэм япэщIыкIэ КъБКъУ-м и медицинэ колледжыр къиухащ, фельдшер IэщIагъэр иIэу. АдэкIэ ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым икIи и интернатурэми щеджащ. КъыкIэлъыкIуэу и щIэныгъэр щипщащ Саратов къалэм Травматологиемрэ ортопедиемкIэ дэт щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и ординатурэмрэ аспирантурэмрэ. А зэманым, 2014 - 2017 гъэхэм, ар щылэжьащ Саратов къалэм и травмпунктым. КъыщIэлъхуа щIыналъэм иужькIэ къигъэзэжащ икIи абы щегъэжьауэ Республикэ клиникэ сымаджэщым щыIэщ.

ЩIыналъэм и медицинэ дунейм зи увыпIэ щызэзыгъэгъуэтыжа, зи хъэтI зиIэж дохутыр щIалэр и IэщIагъэм зэрыпэрыувам теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ, абы теухуа и гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ.

### Япэ лъэбакъуэхэр

- Гугъуехь гуэр зыхэмылъ зы IэщIагъэи щыIэкъым. Ауэ, пэжщ, дохутыр IэщIагъэр адрей псом хуэдэжкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мыбдеж узэсыпIэ итыр цIыхум и узыншагъэмрэ и гъащIэмрэщ. Абы жэуаплыныгъэшхуэ къыпрегъащIэ, ар сэ икIи зыхызощIэ, икIи зэрысхьыным сыхуэхьэзырщ. Шэчыншэщ псантхуэ узыншэрэ психикэ зэпIэзэрытрэ уиIэн зэрыхуейр. Дохутырым и махуэхэм къызэрыгуэкI яхэткъым, лэжьыгъэм щыпэрыхьэ дакъикъэм щегъэжьауэ ар кърихьэлIэху и къалэнхэм къыхэхъуэурэ макIуэ, уеблэмэ нэхъ къаруу фIэмы гугъуехьыр къыщытехьэлъэ щыIэщ, псом хуэмыдэу психологие зыхэщIэныгъэм уи гуащIэр егъэмащIэ. ПхузэфIэкIахэр зэбгъэзэхуэжрэ цIыхухэм сэбэп уазэрыхуэхъуар къыщыбгурыIуэжкIэ жыджэрагъыр къыпхохьэжри, утегушхуауэ аргуэру лэжьыгъэм упрохьэж.

Си япэ операцэр езгъэкIуэкIын ипэкIэ хирургхэм я дэIэпыкъуэгъуу зыбжанэрэ сыщытащ. ГурыIуэгъуэщ узэрыгузавэр, ар зыхуимыщIэнкIи Iэмал иIэкъым. Ауэ уи шыIэныгъэмрэ зэпIэзэрытагъымрэ зэран хуэбгъэхъункIэ Iэмал иIэкъым. Уи гумрэ уи псэмрэ щызэрызехьэ гурыгъуз



псори зэуэ йокIуэтэкI, Iуэхум ущрииубыдылIэкIэ. Сэ сыхирург нэхъыщхьэу япэу сщIа операцэр сыхьэтитIкIэ екIуэкIащ. Шхуэжьымрэ куэмрэ я купщхьэ зэрытыпIэхэр зэхуэгъэкIуэжын хуейуэ арат, нэгъуэщIу жыпIэмэ абдеж IэрыщI протез дэгъэувэн хуейт. Iэпкълъэпкъым а Iыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зыгъэзащIэ лъынтхуэхэр хэлъщ, зэрымыщIэкIэ зэран уахуэхъумэ, гъащIэр къыпхуемыгъэлынкIэ шынагъуэшхуэ щыIэщ. Сытми, си операцэр хьарзынэ дыдэу зэфIэкIащ, жэщитI-махуитI нэужьым сымаджэм хуэмурэ къикIухьын щIидзащ.

### ФIэщхъуныгъэм и къарур

- Дохутырым и лэжьыгъэр сыхьэт пыухыкIакIэ къэгъэлъэгъуауэ щытми, куэдкIэ зэман нэхъыбэ и IэнатIэм трегъэкIуадэ. Жэщым уплъырын хуейуэ къыщыпхуихуэ щыIэщ, упэмыплъэхъауэ пIэщIэгъуэкIэ операцэ пщIыну урад жэнкIи мэхъу. Ди лэжьыгъэм къызэрымыкIуэ щытыкIэу хэтыр нэхъыбэщи, сыт хуэдэ зэманми абы дыхуэхьэзырын хуейщ.

Насыпыншагъэ куэд си нэгу щIокI. ПIэщIэгъуэкIэ операцэ щIын хуей сымаджэ хьэлъэ къыщыпхуашэкIэ дэтхэнэ зы дакъикъэри уасэншэщ. ПсынщIэу уи щхьэр абы тебухуэу Iуэхум иужь уихьэн хуейщ. ЗэфIэкIыуи Iэзагъэуи уиIэр хэплъхьэу удэIэпыкъуами, сымаджэр ажалым къыщыпхуIэщIэмыхкIэ ар егъэлеяуэ гущIыхьэ пщохъу. Абы и гъащIэр къегъэлыным уи гуащIэрэ уи къарурэ хуримыкъуауэ аракъым, атIэ щыIэщ Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI нэхъ лъэщ дыдэри зыпэмылъэщын щытыкIэ хьэлъэхэр. Абы иужькIэ кIуэцIкIэ узэныкъуэкъужу зэман гуэр ибохьэкI, тыншуи укъиутIыпщыжыркъым а гухэщIым. Сыт хуэдиз илъэскIэ IэнатIэм упэрытами, укъэзыгъэуIэбжь щытыкIэхэм урохьэлIэ, абыхэм уосэж, IэщIагъэм гу быдэ ухуохъу жыхуаIэхэри пэжкъым. Хирург IэщIагъэр къыхэзыхахэм шыIэныгъэшхуэ, зэпIэзэрытыныгъэ быдэ яхэлъын хуейщ.

Къэхъугъэ телъыджэхэми дыщрохьэлIэ ди IэщIагъэм. Телъ фэбжьым е пкърыт узым елъытауэ мыхъужыну къалъытэ сымаджэхэм зэуэ зыкъагъэзэу къызэрызэфIэувэжхэм хэлъ щэхур зы дохутыри зы щIэныгъэлIи къыхуэIуэтакъым. Сэ шэч къытесхьэркъым нэрымылъагъу къару лъэщ гуэрым и Iэзагъуи а Iуэхум зэрыхэлъым. КъищынэмыщIауэ, сымаджэм дохутырым кърит фIэщхъуныгъэми куэд дыдэ елъытащ. Абы къызыхуиуи, хущхъуэкIэ дызэреIэзэм къищынэмыщIауэ, ди къалэнщ псалъэ гуапэкIэ я гур фIы яхуэтщIыжыну, гугъэ яхэтлъхьэжыну. Пэжыр жысIэнщи, ди Iэзэгъуэр нэхъ тыншу екIуэкIынымкIи ЭРИ ар къытхуощхьэпэж.

### IэщIагъэм и уасэр

- Си IэщIагъэм си гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд. Уеблэмэ, сыщымылажьэхэм и деж зыгуэр схуримыкъуу, сыхуэщыщIэу къысщохъу. Сызыпэрыт Iуэхур си гум дыхьэу, фIыуэ слъагъуу зэрыщытрагъэнщ абы и щхьэусыгъуэр. Нобэ сызыпэрыт IэщIагъэр си гъащIэм хэмыту ар си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым. БащэкIэ къыпщыгугъыу зи щхьэр къозыхьэлIа сымаджэм уи Iэзэгъуэр сэбэп зэрыхуэхъуар пщIэным, абы и нэгум иплъэгъуэжа гукъыдэжым уи гуащIэ зэрыхэлъым къуит гухэхъуэм пэкIуэн мылъку щыIэкъым. ИужькIэ нэхъыбэж зэрыпхузэфIэкIынумкIэ гушхуэныгъэ уиIэу ехъулIэныгъэщIэхэм, лъагапIэщIэхэм ухуэзышэ гъуэгуанэм къыпыбощэ.

**ГУЭБЭШЫ Марианнэ.**

# Тхьэгъэлэдж и хъуэхъухэр

**ВакIуэдэкI дауэдапщэхэм мыхьэнэшхуэ ирату къызэрекIуэкIам щыхьэт тохъуэ ар теплъэгъуэ куэду зэрызэхэтыр икIи гъэщIэгъуэн дыдэу зэрызэхэухуэнар. Дэтхэнэми зэкIэлъыкIуэкIэ пыухыкIа яIэу, ахэр зэблэпхъункIэ Iэмал имыIэу теубыдауэ и пIэ иту илъэсищэ бжыгъэхэм къызэрыгъуэгурыкIуам къеIуатэ адыгэхэм псалъэм халъхьэ фIэщхъуныгъэм и мызакъуэу, а псалъэр зыхаухуанэ тхьэлъэIу хуэIухуэщIэхэм я зэкIэлъыхьыкIэри илъэсыфI техьэным, гъавэ бэв къайхъулIэным, лъхугъэбэ къащIэхъуэным хуэгъэпсауэ къалъытэу зэрыщытари. Лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм я хуэмэбжьыми трихьами, вакIуэдэкI дауэдапщэхэр зы сурэт хуэдэу уи пащхьэм къоувэ, лъэпкъ щэнхабзэм лантIэу зиужьу, гъащIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэм пэджэу, фIэщхъуныгъэм и купщIэри ямыгъэкIуэду зэрыщытар нэрылъагъу къыпщохъу.**



ДИ жагъуэ зэрыхъунщи, хъуэхъу башым теухуауэ къытхуэгъуэтыжар мащIэщ, а мащIэми узыгъэгупсысэ, къэхутэн хуей Iуэхугъуэ куэд хэлъщ. «Хъуэхъу башыр зэIэпахыркъым», - жеIэ къэIуэтэжакIуэ Iэзэ Жылау Барэ. Ашэбокъуэ ХьэкIуакIуэ зэрыжиIэжымкIэ, «япэ хъуэхъур жызыIэнур къызэрыпцIыхур удз щхьэтоп фIэлъу абы IэщIэлъ башымкIэт. ЦIыху зэрызехьэ макъым зэуэ пичырт а башыр абы щIым зэрыхиIуу. Хъуэхъум я щхьэр абы иужькIэт щызэхэпхынур». «УдзыщIэр къызэщIаубыдэрти, удз шыкъуу и зы кIапэмкIэ щызэрадзэрт, къэтIэпIу хуежьа зы жыг къудамэщIэ абы и кум къыдалъэфыжырти, башыщхьэм палъэрт, башыкIыр Iэ пцIанэкIэ ямыубыду щэкI кIапэкIэ фIаубыдыкIырти, яIэтырт, итIанэт щыхъуахъуэр, - игу къегъэкIыж Щоджэн ФатIимэт. - Хъуэхъуэн яуха нэужь, вакIуэхэм а башыр езыхэр зыхыхьэ вагъэм хаIурт».

МыхьэнэкIэ мыбы мащIэу текIами, нэгъуэщI щапхъэкIэ зытедмыгъэчыныхьыф *Iанэ бэщ* жыхуаIэри щыIэщ. ЧэзукIэ хъуэхъу зытригъахуэм хуигъэкIуатэу гуп тхьэмадэм и пащхьэ къилъ башым аращ зэреджар Тыркум щыщ Лъэпщ Курулай.

Гъатхэпэм уафэр япэ гъуагъуэу щыблэр щыуэкIи жылэр тхьэ елъэIухэрт гущIэгъу къахуищIыну, щыпэшхым хъеррэ фIыгъуэрэ къахудигъэкIуэну. «Уафэр щыгъуагъуэкIэ, щхьэж и гуэн йоуэж», - жеIэ псалъэжьым. ЦIыхухэр щыпсэу унэ-щIапIэхэм лъхугъэрэ хъеррэ имыкIыну, гъавэ гъэтIылъыпIэхэм башкIэ (е бэлагъкIэ) еуэхэурэ гъавэрэ бэврэ щымыщIэну хъуахъуэхэрт. Апхуэдэ хъуэхъу куэдым щыщщ мыр:

Ялыхь!
Ди гуэныр гъавэншэ умыщI,
Ди щIапIэр цIыхуншэ умыщI,
Ерыскъыншэрэ щIэблэншэрэ думыщI,
Къыхэтх пэтми хэмыщIу,
Бэвышхуэу,
ЛъащIэншэу,
Ялыхь, тщIэр мащIэми,
Ди гуэным имыхуэу,
ТыгъэфIхэр хэтщIыкIыу,
ГуфIэгъуэкIэ дыхэIэбэн хуэдэу [къыдэт!]

ИгъэзащIэ къалэнкIэ хъуэхъу башым и лъэужьу зыкъыуегъэлъытэ бэв траIуэу гъавэ гъэтIылъыпIэхэм сабийхэр зэрызехьэурэ зэреуэ башми.

ЦIыхухэм къазэрыфIэщIымкIэ, уафэр ипщэкIэ щыгъуагъуэмэ, илъэсыр гъалъхуэ хъунут. Абы щыгъуэ *удзыпс зэутхыр* къыдахырт. ЦIыкIухэр псы Iуфэм кIуэхэрти, пэгункIэ удзыпс къахьырт: удзыр яфыщIырт, яIуэрти, псы щIагъэжар езыхэми зытраутхэжырт, псэуалъэхэми ираутхырт. Мы Iуэхуми хъуэхъу теIуащ:

Ялыхъ, куэду къегъэшхи,
ФIыгъуэкIэ дыгъэшхыж!
Ялыхь, бэв къыдэти,
Къыдэптар махуэ щIы!

Жорым и пащхьэ зэрыщыхъуахъуэ, тхьэ зэрелъэIу щIыкIэм зыгуэрхэр хэлъщ. *«Хъуэхъум и пэри хъуэхъущ, хъуэхъум и кIэри хъуэхъущ»*, - жаIэ. Ар щIыжаIар аращи, хъуэхъур езыри хабзэщи, и Iуэхури екIуу зехьэн хуейщ. *«Хъуэхъур щыхабзэкIэ, хабзэм езэгъщ гъэхъуэхъуэн хуейри»*, - жаIэ нэхъыжьхэм. Хъуэхъу зыхуагъэфащэм къыхэхыкIэ марди иIэт.

Хъуэхъу зыгъэIур зыгуэр зылъэгъуа, гъащIэм и пIалъэ зыщIэхэрщ. Ауэ нэхъыжь псоми ар зэхуэдэу къалъысыртэкъым. Ныбжьым мыхьэнэ иIэми, къызылъысыр и акъылкIэ, и гупсысэкIэкIэ, и дуней тетыкIэкIэ жылэм фIэлIыкI зыхуащIырт. Апхуэдэм щхьэкIэ *и псалъэ псэ хелъхъэ* жаIэрт. Абы куэд къокI: и унафэри, и псалъэри щапхъэщ. *«И ныбжь нэсщ, щхьэщыкIри, хъуэхъуми хыхьащ»*, - жаIэуи урохьэлIэ. Мыбдеж «хъуэхъу» псалъэр *«ныбжь»* «(почтенный возраст)», *«Iулыдж»* «(авторитет, статус)» мыхьэнэхэр иIэу къосэбэп. Хъуэхъу ныбжьым хыхьам *«и псалъэ хъуэхъу защIэу зэIылъщ «хъуэхъужь Iыхьлыщ»* хужаIэ. И Iуэху зехьэкIэр фэуэ зэрыраплъыжым къыхэкIащ мы жыIэгъуэхэр. Абы щыфIэкIыжу, зи хъуэхъубзэ ягъэлъэпIам, зи псалъэ мэгъу къару хэлъу къалъытам *хъуэхъупщкIи* еджэу щытащ. ТхьэлъэIум ягъэхъуэхъуэну утыку ирашэри, жорым и пащхьэ тыхь щызыщIри апхуэдэ цIыхут. Абы щыхьэт тохъуэ Ж. Тэбу де Мариньи, Ж.-Ш. де Бесс, Дж. Бэлл сыми.

ТхьэлъэIур зэрырагъэкIуэкIыу щытам щIэныгъэр щыгъуазэщ. Тхыгъэжьхэм къазэрыхэщымкIэ, япэщIыкIэ тыхь ящIырт. Тыхь папщIэу фIагъэж Iэщыр жорым хуагъазэрти, фIэбзыпIэ хуэхъунум деж шэху уэздыгъэкIэ и фэр къргъэсыкIырт, езы IэщыщхьэмитхьэлъэIу махъсымэм щыщ къргъэжэхырт. Тыхь щащIкIэ жаIэу щыта хъуэхъу мэздэгу адыгэхэм я деж щатхыжауэ щыIэщ:

Тыхь щащIкIэ тыхь махуэ фщIыхэу,
Алахь гуащIэмрэ гущIэгъумрэ зиIэ,
Дунеишхуэуэ чыристэныри
мысылъмэнырикI
ЗэлъэIуу зыми емылъэIуж,
Уи нэфI къытщыгъахуэ,
Иисус Христос, Тхьэнанэ ЛъапIэ,
Уи нэфI къытщыгъахуэ!
Ялахь, гуащIэмрэ гущIэгъумрэ зиIэ,
Пэгъымбархэр къыфхуэхъуахъуэу,
МэлычыфIхэр къыфхуэлъаIуэу,
ЛъэIу нобэрей махуэм жытIэр
Алахьым пщтэну,
Къыуат Тхьэм къывит,
ЩIыуэ дызытесыр Тхьэм
фхуигъэбагъуэ,
ГъатхэфIырэ гъэлъэхъуфIрэ
ЗыхуэкIуам я гъусэ Тхьэм фищI!
Уафэм и къащхъуэр,
ЩIым и щхъуантIагъэ дахэм фытету,
Уэлбэн ЛъапIэ (Пресвятая Троица)
и нэфI Тхьэм къыфщигъахуэ,
Аймыс Тхьэм къыфхуигъэIэ,
Созырэси и нэфI Тхьэм къыфщигъахуэ,
Созырэси къыщыкIуэм –
Уэфым хуэдэу Iуву сабийхэм
къатырипхъэу,
Я фэ цIыкIухэр къуэлэн-пщIэлэн
цIыкIууэ,
Я псэ цIыкIухэр узыншагъэ яIэу
Тхьэм къыфхуигъанэ,
Тхьэгъэлэдж Тхьэм къыфхуигъэнэдж!
Гъавэрэ вымрэ фыщымыщIэну,
Тхьэгъэлэдж къыщыфхуэнэджым
Бэвышхуэ фиIэну,
Гъасэ бэвыр къыщефшэлIэжкIэ
Бэвышхуэ фиIэну,
Гъасэ гулъэр ху гулъэуэ,
Ху пхырыр ху матэуэ,
Выжьхэр игъэщэIуу,
ВыщIэхэр игъэгъуэлъу,
Гужьхэр игъэлъалъэуэ,
ГущIэхэр игъэкIыгъыуэ
Бэвышхуэ Алыхьым зыритам
Я гъусэ Тхьэм фищI!
Дэнэ къурш-тIыпхикI,
Дэтхэнэ зы тхъэлъэIупIикI,
Дэ дигу къэмыкIыжауэ,
ТхужымыIауэ къэна псалъэфIхэр
Зэрыдгъэгъуэтыжырэ
Алахь диным ит цIыхухэми
Узыншагъэ диIэну,
Ди хъуэхъухэмрэ хабзэ гъуэгумрэ
ТIэщIэмыкIыну
Алахь талэм долъэIу!
Дэ хъуэхъуэкIэ тщIэркъым,
Алыхьым и хъуэхъумрэ и дыуэфIымрэ
Тхьэм къыфлъигъэс дунеишхуэм!

Мы хъуэхъум IупщIу къыхощ дин зэхуэмыдэхэм я хуэмэбжьымэ езы тхьэлъэIухэми къащIихуу зэрыщытар.

Тыхьыр зэрызэфIэкIыу тхьэлъэIу мэжаджэмрэ ху махъсымэмрэ зи пащхьэ ит хъуэхъупщым пщIэ зыхуащI нэхъыжьитI къызэхуэсахэм къахишырти, я бгъуитIымкIэ игъэувырт. Мэжаджэр, мэздэгу адыгэхэм *вакIуэдэщI-хьэлджий* жаIэ, тхьэмадэм щы ирищIыкIырт, абы щыщу зы Iыхьэм бзыгъитI къыхихырти, и бгъуитIымкIэ къыщытхэм яритырт, езыми зы бзыгъэ къиштэрти, хъуахъуэрт:

Ялыхь,
Гъатхэ угъурлы дыхуегъажьэ,
Гъатхэ махуэ дытегъэхъэ,
Гъалъхуэ тхуэщI,
ЩIым и махуэмрэ
Хум и кIыпIэмрэ дыхуэгъазэ,
Гъатхэшхыу,
ГъатхэфIу,
Ди уафэр къащхъуэу,
Ди щIылъэр щхъуантIэу,
Ди Iэ ищI ди шхыгъуэрэ
Хъуэхъуу дгъэш и хъеррэ
Гъатхэм къытхудигъакIуэ!
Ялыхь, мыр хущ,
Ху жылэрэ
Ху махъсымэрэ,
ДыщыIэху, дыщумыгъащIэ!

Зытехъуэхъухьыр езы мэжаджэрщ. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэ мащIэкъым. Мэжаджэр зэрызыIуигъахуэу ху махъсымэм къыхэфырти, япэщIыкIэ ижьырабгъум къыщытым фалъэр хуишийрт, итIанэ сэмэгурабгъум къыщытым чэзур лъигъэсырт. Щыпэ хъуэхъур зытрагъэIукIа а фалъэм къина махъсымэр иужькIэ жор лъабжьэм щракIыхыжырт. Нэхъыжьхэм къащIэж вакIуэ тхьэмадэр мэжаджэм техъуэхъухьрэ фадэм зэ къыхэфу, къэнар зыхыхьэну губгъуэм и пэIущIэм щрикIыхыу зэрыщытар. А иужькIэ къекIуэлIа псоми мэжаджэм щыщ зы Iыхьэ зыIэрагъэхьэрти, кIыхь зрамыгъэщIу зэхэкIыжхэрт.

Жылагъуэм я пащхьэ иту хъуэхъу щыжаIэкIэ нэгъуэщI зы щIыкIэ хабзи ягъэзащIэрт: цIыхухъухэм пыIэр зыщхьэрахырт, цIыхубзхэм я щхьэтепхъуэр мащIэу зытрагъэкIуэтырт. XV лIэщIыгъуэм мы хабзэр адыгэм зэрызэрахьа щIыкIэм тепсэлъыхьыгъат Дж. Интериано. Ар дыдэр ФIэщмыхъу ХьэцIыкIу къиIуэтэжу КIурашын БетIал итхыжыгъащ. Нарт Лидэ и щхьэтепхъуэр мащIэу зыщхьэщигъэкIуэта нэужьщ, хъуэхъу щыдигъэтхар. Апхуэдэу щIищIамкIэ дыщеупщIым, *«Тхьэм ещIэ, хъуэхъур тхъугъэм и хъудзщ!»* - жиIащ. КъыфIэмыIуэхуу а цIыхубзым къыжьэдэкIа псэлъафэм лъабжьэ иIэу къыщIэкIащ.

Иджыри гу зылъытапхъэ. ИщхьэкIэ къыхэща «хъуэхъужь Iыхьлым нэгъуэщI зы жыIэгъуэ дигу къегъэкIыж - ар *«КъурIэн Iыхьлы»* псэлъафэрщ. Диныр къабзэу зезыхьэ цIыхум аращ хужаIэр. «Хъуэхъужь Iыхьлы» жыIэгъуэм иужьрейр теужьыкIауэ худогъэфащэ: «КъурIэн Iыхьлыр» адыгэм муслъымэн диныр къыщищтэм къигъэсэбэп хъуащ. Егъапщэ: *щыгъуэщI - дыуэщI* псалъитIыр нобэ адыгэбзэм зэрыщызэрахьэ щIыкIэм. Дауэ щымытми, апхуэдэу зыхужаIэ цIыхур жылэм пщэрылъ щащI Iуэхум хуэIэижьу зэрыщытыр къегъэлъагъуэ.

Хъуэхъу башым и къежьэкIэ хъуамрэ къызыхащIыкIыу щытамрэ тхузэхэгъэкIакъым, ауэ зэрахъумэ щIыкIэмрэ и къыдэхыжыкIэмрэ я лъагъуэ дытеува тфIощI.

ГъэщIэгъуэнщ муслъымэн диным ар зэрезэгъар. ВакIуэ щыдэкIкIэ ягъэхъуахъуэ тхьэмадэм хъуэхъу башыр къаблэмкIэ гъэзауэ вагъэм ику дэм хиIурти, цIыхум я гупэр абыкIэ иригъэгъазэрт. АдэкIэ тхьэлъэIур ищхьэкIэ къызэрыдгъэлъэгъуам хуэдэу екIуэкIырт. Махъсымэм тхьэмадэр къыхэфу къэнар башым кърикIыха нэужь псори зэхэкIыжхэрт, вакIуэ зэрыдэкIынум зыхуагъэхьэзырыну. ВакIуэихьэжым къигъэзэжыху а башым зыри еIусэртэкъым. Башыр къыхэзыхыжыр иужь дыдэ губгъуэм къыхэкIыжырт, щахъумэри абы и унэрт. КъыкIэлъыкIуэ вакIуэдэкI тхьэлъэIум а башыр къыхэзыхыжам къыдихыжырти, зэIэпамыхыу тхьэпщым и пащхьэ ирилъхьэрт.

Мэздэгу адыгэхэм я деж хабзэ щыIащ хъуромашэ къэзыкIухь щIалэгъуалэм *гъавэпщыр дгъэхъуэхъуэнщ* жаIэрэ ар здэщыIэ унэм япэ Iухьэныр. Унэм ис нэхъыжьыр хьэдзэл къудамэхэмкIэ гъэщIэрэщIа башыр иIыгъыу гупым къахыхьэрти, дахэу къайхъуэхъурт. А башращ «гъавэпщкIэ» зэджэр. Гъатхэ зэрыхъуу гъэвэпщыр губгъуэм дахырти, джэгу ящIурэ щIым хатIэрт. Армырауэ пIэрэ хъуэхъу баш жыхуаIэу вакIуэдэкIым ипэ къихуэу зи пащхьэ тхьэлъэIу щащIу щытари?!

Абы иужь къыкIэлъыкIуэ махуэм занщIэу вакIуэ дэкIхэри щыIэт, ауэ нэхъыбэм загъэгувэхэрт. Зыгъэгувэным и щхьэусыгъуэр «гъатхэ лъэнкIапIэ» хъуа выхэм удзыпэр зэрыпагъаплъэрат.

ВакIуэхэр къемыжьэ щIыкIэ *«фызыжь хъуэхъу»* жари жылэм дэс фызхэмрэ сабийхэмрэ шэм хэгъэвыкIа джэдыкIэр матэкIэ дахырти, губгъуэм дэкIхэрт. Сабийхэм джэдыкIэр ирагъэшхырти, джэдыкIампIэр ягъэщащэрт, ар губгъуэм и хъуреягъыр къргъэжыхьурэ храгъапхъэрт. ЦIыкIухэм джэдыкIампIэр щрапхъыхкIэ нанэхэр хъуахъуэхэрт.

ЩIым хапхъэ джэдыкIафэ гъэщэщар бэв къезыджэ Iуэхугъуэщ. «ШэхуабэдэхцIыкIу», «шэхуабэдэхышхуэ» жаIэу мэздэгу чыристэн адыгэхэм яхэлъа хабзэри аращ.

ВакIуэдэкI тхьэлъэIур яIэтыщэртэкъым, ауэ *хъуэхъу хыхьэгъуитхукIэ* зэхэтын хуейуэ ягъэувырт. Губгъуэм ихьэн ипэ къихуэу хъуэхъупщым пхъэIэщэкIыр иубыдырти, вакIуэдэкIым и япэ хъуэхъур жиIэрт:

Пхъэ Iэщэу дызэIусэр угъурлыуэ,
ЩIыуэ зэригъэдзэкIыр вэщхъуншэу,
Мэшу къытекIэр лъэдиихъурэ цIеякIуэу,
ЩIым хуэмыIэтырэ зэрызешэу,
Хьэсэм зэримыгъахуэу зэришхэу,
Нысашэрэ гушыIэрэ хэтщIыкIыу,
Благъэрэ ныбжьэгъурэ иритIыгъыну,
Ялыхъ, берычэтыр къыхэIуэ!
Выуэ щIэтщIэнухэр дыщэ бжьакъуэхэу,
Екъурейхэу,
Вым я нэхъ мыгъуэм щIэмытIыкI
къиххыжу,
Жыджэрхэрэ чыпэтемылъхьэхэу,
Гъатхэ махуэ дытехьауэ,
ЩIыуэ дызытехьэр бэвым и кIыпIэу,
Я нэхъ икIэм гъасэ гуищэ къытекIыу,
Ялыхь, бэв къыдэт!
Ди вакIуэ щIалэхэу губгъуэм ихьэхэм
Лъапэ махуэ ирахьэну,
Зэрыхьэ губгъуэр бэв нэщэнэрэ
Уэшх кIуапIэ лъагъуэу,
Уэгъуншэ мэшу,
Ажэ жьакIэрэ
Шуищэ гъэпщкIуу,
МэжэщIалIэм зигъэнщIыжу,
Ялыхь, бэв къыдэт!
Ялыхь, пхъэIэщэпэ уэгъурэ
ВэгъуэкIэ уэлбанэрэ къыдэт!

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*




# Тхыдэм и напэкIуэцIхэр

1943 гъэм советыдзэхэм Сталинград деж текIуэныгъэ къыщахьащ. Сталинград зауэм Гитлер къришэлIат дзэ хэплъыхьауэ дивизие 22-рэ, псори зэхэту зауэлI мин 330-рэ.

* * *

1945 гъэм Мэсей Аслъэнджэрий «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ. ЩIалэ дыдэу езыр щIэлъэIури, ар зауэм кIуащ. 1942 гъэм танкист хахуэр фронтым Iухьащ икIи адрейхэм сыт щыгъуи я щапхъэт. 1945 гъэм Мэсейм и закъуэ зэтрикъутащ бийм и топу 11, бронемашинэу 10, автомашинэуи апхуэдиз, гу зэщIэщIауэ 25-рэ, танк зыбжанэ, нэмыцэ офицеру, сэлэту щэ бжыгъэхэр зэтриукIащ. А псоми къыхэкIыу 1945 гъэм мазаем и 27-м «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, езы Аслъэнджэрий ТекIуэныгъэм и гуфIэгъуэр илъэгъуакъым, зауэм лIыхъужьу хэкIуэдащ.

* * *

Адыгэхэм ящыщуи тхакIуэхэм къахэкIауи япэ дыдэу Совет Союзым и ЛIыхъужь хъуар Андырхъуей Хъусенщ. 1940 гъэм дзэм къулыкъу щищIэну ар ираджащ. Илъэс нэхъ дэмыкIауэ Хэку зауэшхуэр къэхъейри, къэралым и щхьэщыжакIуэу япэу биидзэм пэщIэувахэм яхэтащ.

* * *

2010 гъэм УФ-м и Президентым и УказкIэ Налшык «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

* * *

Берлин папщIэ екIуэкIа зауэм хэтахэм ящыщу 600-м щIигъум «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ, адрей псоми «Берлин къызэращтам папщIэ» медалыр иратащ.

## Гъуджэм къищым...

ЦIыхум и теплъэу гъуджэм къищым узэрыфIэфIу зыхуэщI - ухуеймэ зыхузэкIэщIэш, ухуеймэ ешхыдэ. АбыкIэ уигу мызагъэмэ, кIэрахъуэкIэ еуапэ. Абы хэкIуадэм хэкIуэдэнур гъуджэрщ. Ауэ гъуджэм къищ цIыху сурэтым зэрызыхуэпщIым хуэдэу езы цIыхум зыхуэпщIыныр икIагъэщ, хьэкIэкхъуэкIагъэщ. ЦIыхум гуапагъэрэ IэфIыгъэрэ кIэлъызепхьэныр, абы гукъэкI хууиIэныр, удэIэпыкъуныр уи къалэнщ. Апхуэдэу дапщэри уэ ущытыфу пIэрэ?

## Шагъдий

Шагъдийр сытым къытекIрэ жыпIа? Абы къикIыр «шыгъэр лъэдийм щыIэщ» жиIэу аращ. Адыгэхэм япэм шыр мыпхуэдэу зэхагъэкIырт: шыр къагъажэурэ фIы дыдэу еша нэужь, абы и фIалъэм лъакъуэкIэ хущIэуэрт. Шы лъакъуэр щIэщIамэ, ар шагъдийуэ къалъытэртэкъым.

**ТЕУНЭ Хьэчим**.

# Гурзэ

Гуэдз хьэжыгъэр яухуэнщI, и кур къратхъу, шыгъу зыхэлъ псы хуабэ (градус 25 - 30), джэдыкIэ уда иракIэри, фIыуэ зэхэзэрыхьыху япщ, хъыдан трапхъуэри, щабэ ящIын, зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ щагъэт. Ар щытыху, дэлъынур ягъэхьэзыр.

Абы щхьэкIэ мэлыл е былымыл тхьэщIар г 20 - 30 хъу Iыхьэурэ зэпаупщI, лыхьэжым щIагъэкI, шыгъу, бжьыныщхьэ цIынэ упщIэта, цIыкIу-цIыкIуу зэпыупщIа щэ тхъурымбэ, шыбжий плъыжь, бурш халъхьэ, Iэр псым хащIэурэ псори зэхэзэрыхьыху зэIащIэ. Лы зэхалъхьар ягъэдиину щIыIалъэм далъхьэ.



ИтIанэ тхьэвыр Iэнэм теуда хьэжыгъэм халъхьэри, мм 3 и Iувагъыну яху, абы стэчанкIэ хъурейуэ тхьэвыр къыхагъэж - г 25-рэ хъууэ. Абыхэм лы хьэжар г 15 хъууэ тралъхьэ, я кIапэхэр зэтрагъэпщIэж, мэз кхъужь цIыкIум ещхьу. Ахэр шыгъу зыхэлъ псы къавэм бэлагъкIэ е чымчыркIэ зэIащIэурэ хадзэ, зэкIэрамыгъапщIэу. Хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15 - 16-кIэ, ягъавэ. Гурызэ вар псым къыдредзей. Ар чымчыркIэ къыхахыжри, псыр пагъэж, тепщэчым иралъхьэри, Iэнэм трагъэувэ. Зыри щIымыгъуу пщтыру яшх. Бжьыныху шыпс тепкIэ хъунущ.

Нэхъапэм гурзэм далъхьэ лыр цIыкIунитIэурэ яупщIатэрт, шэжыпсым халъхьэрти, нэху кърагъэкIырт щIыIапIэм щыту. Абы лыр щабэ ещI, нэхъ псынщIэуи мавэ.

*Халъхьэхэр:*

***Тхьэвым:*** гуэдз хьэжыгъэу - г 400, джэдыкIэу - зы никъуэ, тхьэв зэрапщыну псыуэ - г 100, шыгъур зэрагъэткIу псыуэ - г 20, шыгъуу - г 7.

***Лы хьэжам:*** мэлылу е былымылу - г 120-рэ, щэ тхъурымбэу - г 100, бжьыныщхьэу - г 100, шыгъуу - г 3, шыбжий плъыжьу - 1 г, буршу - 1 г, псы щIыIэу - г 50, бжьыныху шыпсу е шатэу - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр»* *тхылъым къитхыжащ*.**

## ЗэIусэм псэ хелъхьэ

**Зегъэуби, уи бын пIыж** - КъыхужаIэнур иригъэкIуэтэкIыфрэ, быным я Iуэху дэгъэкIыныр япэ игъэщыпхъэу къыщалъытэм ехьэлIауэ къапсэлъ.

**ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым** - «Жэрдэм зыщIэм, лажьэм зыгуэр къелэжь» жыхуиIэщ.

**Зи бзэ IэфI щынэр мэлитI ящIоф** - Псори арэзы зыщIым псори къыхуэфIщ, фIыуэ къыхущытщ.

**Зи жьэм и зэран зэкIыжа куэд кхъэм щIэлъщ** - ЖумыIапхъэ жумыIэ. Зи жьэр зыхуэмыубыдхэм, къемызэгъ къызыжьэдэкIхэм, я щхьэм и зэран зыхэлъ къэзыпсэлъхэм яхуэгъэза дерсщ.

**ЗэIусэм псэ хелъхьэ** - «ЗэIусэр мэхъу» жыхуиIэщ. Iэужь дахэ зиIэ цIыху IэпщIэлъапщIэм хужаIэ.

**Зи мырамысэ зыхуэмыщIыжыр гъунэгъум жэмыкуащIэ макIуэ** - ЗызымыщIэжхэм, зи щхьэ и пIалъэ зымыщIэжхэм ятеухуащ.

**Зи цIэ иpaIуэ бжэщхьэIу тесщ** - И гугъу щащI е ягу къыщыкI, щегупсыс дыдэм ирихьэлIэу къыкъуокI.

**Зи щхьэ зыхъумэфыр Тхьэми къехъумэ** - Сакъыныгъэ пхэлъын зэрыхуейр уигу къэзыгъэкIыж псэлъафэщ.

**ЩАУЭ Къэлидар**.



# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ... и къуэ дзыгъуащэщ. **3**. Нартхэм я нықъуэкъуэгъу лъэпкъ. **5**. ... зэрымытым Iэтэ ирегъэувэ. **7**. ГъэшхэкI. **9**. ... зиIэм кIэи иIэщ. **12**. Iэщхэм я тхьэ. **13**. Хъарбызым, хьэлыуэм, нэгъуэщI шхыныгъуэхэм я зы Iыхьэ. **15**. Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжьфIыцIафэ цIыкIу. **16**. Псы ... е зи лъащIэр жыжьэ. **18**. Адыгэ лъэпкъ. **21**. МафIэс ин. **22**. Псы Iуфэ лъагэ.

***Къехыу:*** **1**. ХадэхэкI. **2**. Дзыгъуэм кIэ къыхуэзыгъакIуэ псэущхьэ дахэ цIыкIу. **3**. Iэщ цIыкIу егъэзыпIэ. **4**. ДзитI зыIут Iэмэпсымэ, пхъэм къыхабзыкI бжэмышх, шынакъ хуэдэхэм я кIуэцIыр ирагъэтэмэму. **6**. Колхоз тхьэмадэу щыта, нэгъуэщI къулыкъушхуи зыIыгъа, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **8**. ЦIыхубз пшэрыхь ... **9**. Пхъэ е мэкъу гулъэ щакъуэкIэ кIапсэ кIапэм фIэщIауэ къагъэсэбэп пхъэ тхьэгъу. **10**. Тонн зытхух къэзышэч псэущхьэ. **11**. Ху къызыщIаIуkIa мэш хьэуазэ. **14**. Бжьэхэм я фо зэхуэхьэсыпIэ. **15**. Зыкъом, зыбжанэ. **17**. Зиусхьэн лъэпкъ. **19**. Къуалэбзуушхуэ. **20**. ЦIыху зыпI цIыху уасэ ...

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

### Мэкъуауэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Дженал. **4**. Емышэ. **8**. Алътес. **9**. Гупыж. **10**. Ерэн. **12**. Ежьу. **15**. Iущхьэ. **17**. Хьэпэ. **19**. Гъуаплъэ. **21**. ПхащIэ. **22**. Нэхей.

***Къехыу:*** **2**. Есэп. **3**. Апажэ. **5**. Мэсей. **6**. Шыхъуэ. **7**. Гъут. **11**. Бжьы. **13**. НэгъуэщI. **14**. Щхьэзэ. **16**. Щхьэх. **18**. Пщае. **20**. Пхъу.

## Ныбжьэгъу

Сыту фIы ныбжьэгъу уиIэну,
Уи гъунэгъуу ар щытыну.
СежэкIамэ - къежэкIыжу,
Дызэзауэм - дызэкIужу...
Дызэгъусэу школым дыкIуэу,
Классым зыри къыттемыкIуэу.
Сымылъагъум - сыхуэзэшу,
Дызэхуэзэм - дызэкъуэшу...
Дызэдэшхэу, Iуэху зэдэтщIэу,
Жэщыр хъуами зыхэдмыщIэу.
Псысэ-шыпсэхэр тIуэтэжу,
ДыщIыдгъужыр нэхъыбэжу...
Сыту фIы гъунэгъу уиIэну,
Уи ныбжьэгъуу ар щытыну!

## Ди Маринэ

ДиIэщ хъыджэбз гуащэ,
Щыгъщ бостей дахащэ,
И нэ цIыкIур пыжьынэщ,
И пэ цIыкIур пэтIинэщ,
Iупэ цIыкIур баринэщ,
Езы цIыкIур Маринэщ...

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

## Сэ насып сиIэт, ахъумэ...

- Уэлэхьи, Хьэжбий, нобэ сыщIэфлъхьэж пэтам, - жиIащ Дизыкъуажэ и ныбжьэгъум щыхуэзам.
- Сыту, Iэгъу? Къэхъуар сыт?
- Насып уиIэмэ, сыт хэлъ, ахъумэ нобэ сэ къэплъагъур метрибгъу зи кIыхьагъ пкIэлъейм сыкъехуэхащ, ауэ...
- Е зиунагъуэрэ, абы дауэ укъела-тIэ? - Хьэжбий гузавэу и ныбжьэгъур щызэпиплъыхьым:
- Аракъэ-тIэ, «ауэ» жыхуэсIэр. Сэ насыпыжьыр сиIэти, етIуанэ теувапIэм дежщ сыкъыщехуэхар, - жиIащ Дизыкъуажэ.

## ДыIэпхъуэркъэ?

Хъуэжэ мылъкуу иIэр зэщIакъуауэ, дыгъуакIуэхэр дэкIыжу щилъагъум, и тепIэнщIэлъын тIэкIур къищтэри якIэлъыкIуащ.

Ар дыгъуакIуэхэм щалъэщIыхьэм:
- Дэнэ укъикIа? Сыт укъыщIыткIэлъыкIуэр? - жаIэри къеупщIащ.
- ДыздэвгъэIэпхъуэм сынокIуэ, - зыфIимыгъэIуэхуу жэуап итащ Хъуэжэ.
- Дэнэ? Дауэ? Сыт щхьэкIэ? – щIэупщIащ мыдрейхэр.
- Сэ сыткIэ сщIэн, фэ фымыщIэмэ? Фэракъэ дызыгъэIэпхъуэр? - жиIэу хьэпшыпхэмкIэ и Iэр ишийуэ уващ Хъуэжэ.

**ЖЫЛАУ Нурбий**.

# ПтIашэ и джэду ирисхьащ

ПтIашэ и щхьэгъусэм джэд лыбжьэ ищIу я гъунэгъур къыщIыхьащ. Джэдым щыщ къыщIыхьам иригъэшхыну ПтIашэ хуейтэкъыми, ар къыпимыхыжыну и щхьэгъусэм нащхьэ хуищIащ. Фызри и лIым фIэлIыкIри, къыщIыхьар щысыху шыуаным и гугъу ищIакъым. Гъунэгъури Iуэхуншэти, уэршэрурэ жэщыр хэкIуэтэху щысащ. Ар щыщIэкIыжым:
- Иджы дышхэнщ! - жаIэу шыуаныр къыщытрахыжым джэд лыбжьэр фIамыщI ихъухьат.



# «Фи унагъуэм мамырыгъэ ирырелъ»

**А фIэщыгъэм щIэту уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Зарэ (Мгоян Зарифэ) Налшык дэт Театр щхъуантIэм иджыблагъэ концерт ин щитащ.**

АБЫ игъэзэщIащ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа и уэрэдхэр, романсхэр, зауэм теухуахэмрэ кинофильм зэмылIэужьыгъуэхэм хуатхахэмрэ.

Урысейм щIыхь зиIэ и артисткэ, «ЮНЕСКО-м мамырыгъэмкIэ и артисткэ» Зарэ иджы япэу Налшык къэкIуауэ арати, ди щIыналъэр къызэрымыкIуэу игу зэрырихьар къажриIащ журналистхэм.

- Хуабжьу сыхуейщ Налшык къытезгъэзэну, - псалъэхэмкIэ къыщIидзащ Зарэ. - Мы щIыналъэм щыпсэу цIыху гуапэхэм, нэфIэгуфIэхэм, хьэщIэ гъафIэхэм я гугъу умыщIи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпсым и къабзагъыр, дахагъыр, ухуэныгъэ телъыджэхэр уасэ зимыIэ фIыгъуэщ. Концертым и пэ къихуэу, зэман къыдэзгъэахуэри, Сэралъп Мадинэ и арт-центрым сыщыIати, хуабжьу сигу ирихьащ, ар зи IэщIагъэм хуэпэж, кууүэ хэзыщIыкI цIыху гъэщIэгъуэнщ. Абы и фащэхэр-щэ?! Лъэпкъ тхыдэм, адэжьхэм я Iэужьым апхуэдэ пщIэ хуащIу зэрахъумэр гуапэщ.

Си жагъуэ зэрыхъунщи, Налшык сызэрыщыIэнур зы махуэ закъуэщ, ауэ сэ сыщогугъ Iэмал имыIэу иджыри къытезгъэзэжыну.

«Фи унагъуэм мамырыгъэ ирырелъ» фIэщыгъэм щIэт концерт программэр Урысейм и Ипщэ щIыналъэхэм, Кавказ Ищхъэрэм щитащ Зарэ. Налшык къэкIуэн и пэ ар Мейкъуапэ, Черкесск, Псыхуабэ, Владикавказ щыIащ.

Зарэ и макъ дахэм къищынэмыщIауэ, нэхъыбэм фIыуэ щIалъагъу щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ар зэпIэзэрыту утыкум зэритыр. Нэхъыщхьэращи, игъэзащIэ уэрэдхэри езым екIуж защIэщ. Арагъэнщ ар апхуэдэу гуапэу къыщIрагъэблэгъар. Театр щхъуантIэм щызэхуэсахэр Iэгуауэм щысхьыжыртэкъым, аракъэ дэтхэнэ артистми и хъуэпсапIэр!

- Згъэзащ Iэ уэрэдым ещхьу, «Фи унагъуэм мамырыгъэ ирырелъ» цIэр си концертым фIэтщыжащ, - жеIэ артистым. - Иджы хуэдэу а псалъэхэм я мыхьэнэр зэи лъапIэу щытауэ къыщIэкIынкъым. Абы къыхэкIыу, сэ сыхуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэми и унагъуэм мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ, гурыфIыгъуэ илъыну, - захуигъэзащ Зарэ ди щIыналъэм щыпсэухэм.

Театр щхъуантIэм щызэхуэсахэм Зарэ и уэрэдхэм и нэхъыбэр гукIэ ящIэрти, дежьуурт. Къызэхуэсахэм гуIэфIтещIэж ящыхъуат абы игъэзэщIа и уэрэдыщIэр.

Пшыхьым зыкъpезыгъэхьэлIахэм, езы Зари я гъусэу, я хъуэпсапIэ ягу ираубыдэри, шар гъэпща зэмыфэгъу куэдыкIей уэгумираутIыпщхьащ. «Фи унагъуэм мамырыгъэ ирырелъ» уэрэдыр Зарэ щигъэзащIэм, хабзэ зэрыхъуауэ (дунейр зэтезыIыгъэр иджыри зэ псоми ягу къагъэкIыжу), сабийуэ пшыхьым екIуэлIар утыкум ирашащ.

Дуней псом щыцIэрыIуэ артистым хузэфIэкIащ цIыху къызэрыгуэкIыу къызэтенэн. Абы дапщэщи гулъытэ яхуещI и творчествэр фIыуэ зылъагъу цIыхухэм, псом хуэмыдэу щIэблэм. Ар жыджэру хэтщ псапэ зыпылъ Iуэхухэм, икIи жыпIэ хъунущ, дунейр мамыру щытыным и лэжьыгъэр теухуауэ. Абы и щыхьэтщ ДНР-м, ЛНР-м щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым къашауэ щыIэ сабийхэр концертым кърагъэблагъэу пщIэншэу зэрырагъэплъар. Концерт нэужьым артисткэм занщIэу ДонбасскIэ иунэтIащ гугъуехь хэхуахэм зэрыхузэфIэкIкIэ защIигъэкъуэн мурад иIэу.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

# Гугъэ мыухыжхэр

ЗЫКЪОМ щIащ Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм щыщ Щоджэн Риммэ и цIэр тхылъеджэхэм зэрызэхахрэ, и IэдакъэщIэкIхэр зэраIэщIыхьэрэ. Зи гъащIэр бын пIынымрэ унагъуэ зехьэнымрэ хэту къэзыхьа цIыхубзым тхэным гу зэрыхуищIрэ куэд мыщIами, и тхыгъэхэр Iэджэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ, щIэупщIэ ягъуэтащ. Щоджэным и тхыгъэхэр зауэ нэужьым цIыхум и фэм дэкIа бэлыхьхэм, зэтекъута хъуа къэралыр щызэфIагъэувэж лъэхъэнэ гугъухэм ятеухуащ, ауэ абы Iупщ Iу къыхощ цIыхур дунейм тезыгъэт, къэкIуэну махуэхэм фIэщхъуныгъэ хуезыгъэщI хъуапсэхэр, гугъапIэхэр, гурыщIэхэр. Риммэ и щIэджыкIакIуэхэр къызэрыдихьэхыр зэрытхэ бзэм и къабзагъэм и закъуэкъым, атIэ къиIуатэм хэлъ пэжагъым удехьэх, блэкIа гъащIэм сыт хуэдиз щыщIэныгъэрэ хьэлъэрэ хэлъми, цIыхухэм я зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэ дахэм цIыхупсэр зэрыхуэзэшыр зыхыуегъащIэ.

Нэхъапэ IуэкIэ дунейм къытехьащ Щоджэн Риммэ и повестхэр щызэхуэхьэса «Розэм тедия нэпс» (2015), и Iуэтэжхэмрэ повестхэмрэ зэрыт «Сыхуиту зы сыхьэт уи гъащIэм щызгъэгъуэт» (2016), и усэхэр щызэхуэхьэса «Псэм и лэрыпс» (2017), повесть кIэщIхэмрэ Iуэтэжхэмрэ зэрыхуа «Уэгум щыхуарзэ псэ» (2019) тхылъхэр. Нобэ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ идолъхьэ Щоджэным «МыкIыж уIэгъэ» зыфIища и повестыщIэм хуитха усэ зыбжанэ. Адэм и IэфIыр зыхэзымыщIа сабиипсэм бжьыбжьу телъ гуауэрщ усэ сатыхэр къэзыгъэщIыр, адэ гурыщIэм и IэфIагъырщ абыхэм къащIэжьыукI макъамэр тхьэгъушу къезыгъауэр, гугъэ мыухыжхэрщ ахэр къызэщIэзыкъуэр.



## Си лъэпкъ

**Адэм и лъэпкъ сыщIэхъуэпсу**
**Хъушэ хэмыхьэу соплъых,**
**Зыгуэр хэшэнкIэ сыгугъэу,**
**Мурадыр гъащIэм сIэщIех.**
**Арат си бгыжьхэм флъэкIынур?**
**Флъэгъуакъэ си гущIэ хэщIыр,**
**Мыгъущу си гуауэ нэпсыр**
**Щалъхуа и къуажэм хуеплъэкIыр?**
**Пщэдджыжь къэсыхукIэ семышу**
**Бахъсэн псы Iуфэм сыIутт,**
**КъысфIэщIу лъэпкъым зесшэкIыу**
**Си гум псэхугъуэ игъуэтт.**

## Сыдэшэж

**Гупсысэ дыджхэр, гъащIэ нэрыплъэу,**
**Лъэужь гъуэгуншэр гъусэ согъэщI,**
**ГукIэ сопсалъэу, зэи сыпIумыщIэу**
**Си насып гъагъэр кIыфIыбзэ уощI.**
**МафIэс кIэгъуасэу, лъагъуэщIэ сыхуэу**
**Гум укъелъыхъуэ щIэчэ имыIэу,**
**Дэнэ лъэныкъуи укъыкъуэкI сфIэщIу,**
**Зэманыр блокIыр зэи сыпIумыщIэу.**
**Зыми жесIэфыркъым гум**
**щыжьэ гуауэр,**
**СхуэгъэункIыфIыркъым**
**мафIэ бзий сырыр,**
**Сыту угуащIэт икIи удыджт?!**
**Успэгъунэгъуми, хуабжьу ужыжьэт,**
**Нэпс сыр къэкъуалъэр Iэгум**
**илъэщIми,**
**Гу къуэпс зэпычыр хэт пидэжынт?**
**Пшагъуэ гуэрэну, си пащхьэм уитщи,**
**Сежьэу лъэбакъуэ зэгуэр къэпчын...**
**Сэ гъуэрыгъуэххэу псоми уезгъэщхьу**
**Укъызолъыхъуэ щIэчэ имыIэу,**
**ФIыхэр пхуэсIуатэу си нэгу ущIэту,**
**Зэми сыкъонэ си щхьэм сепсалъэу.**
**ЩIалэгъуэ ныбжьым**
**зыкъыIэщIэчи,**
**Зэгуэр, си адэ, къысхуеплъэкIыж,**
**Лъэпкъ сымыцIыхум зэ сыхэшэжи**
**Къыспэплъэ пщIантIэм**
**зэ сыдэшэж.**

## А жэщыр гукъинэжт

**ПIащIэрт а жэщыр нэху щыну,**
**Гуауэр зэгъусэу Iуихыну,**
**ЗэикI си нэгу щIэмыкIыжыну**
**Нэху щымэ, си адэр кIуэжыну...**
**Си псэр уэ гукIэ къыплъыхъуэу,**
**Псори къуигъэщхьу яхэплъэу,**
**Ауэ нэгъуэщIу къыщIэкIыу**
**БлэкIырт зэманыр щымыту...**
**Бынхэр я адэм хуэгуфIэу,**
**ГумащIэу я бынхэм хуэсакъыу,**
**ПсэкIэ сыхъуапсэрт нэщхъейуэ...**
**Унэ нэщI гуэрхэр къэслъыхъуэу,**
**СумыпIыжами, пхуэзгъэгъуу,**
**Сыхуейт, зэгуэр дызэхуэзэу,**
**Си бынхэм IэплIэ яхуэпщIу**
**Уэр щхьэкIэ «дадэ» жаIэну...**
**Зэгуэр хьэщIапIэ укъакIуэу**
**Си нэ къыпхуикIырт соплъыну,**
**Ерыскъы IэфIхэр пхуэспщэфIу**
**Ди блэкIа гъащIэр жытIэжу**
**Нэху къыттещхьэху дыщысыну...**
**Илъэсхэр гувами, укъокIуэ,**
**Псалъэу бжесIэнури сымыщIэ,**
**Уи IэплIэм сэ зизгъэпщкIуауэ**
**Нэпсыр къожэхыр псалъэншэу...**
**Тынш дыдэу тIысыпIэ сщIауэ**
**ХьэщIэщым уэ ущIызошэ,**
**БлэкIа илъэсхэр къысщохьэ,**
**IэкIэ узгъашхэу сыхуожьэ,**
**Ныжэбэ сабий усфIэхъуауэ**
**ГумащIэу щэхуу сопсалъэ...**
**Сыхьэтыр сеплъу мэкIуасэ,**
**СыгуIэу нэхущыр къохьэ,**
**Ар зы сыхьэту къысщыхъуу,**
**Уэ укIуэжыну къызжоIэ...**
**Сыту кIэщIыщэт ныжэбэ!**
**Зы дыхъужыну солъэIуэ,**
**Уэсу уи щхьэцыр щыслъагъукIэ,**
**Нуру пщэдджыжьыр къыстопсэ...**
**А зэм фIэкIа узмылъагъуу**
**Сыкъэбгъэнащи, сыппоплъэ...**
**IукIыжырт, и унэ кIуэж хуэдэу,**
**Псэхэр зэгъусэу къыпэплъэу,**
**Си нэгум зэ къиплъэжауэ**
**Сыхуэарэзымэ къищIэну...**

ЩОДЖЭН Риммэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,
ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.039
Заказ №1228